Rapò Konsèy la
6 septanm 2024

MIZAJOU KOMISYON AN

Yon mesaj biwo Doktè Alexandra Estrella, Direktris

6 septanm 2024

EKSELANS, EKITE, AK ENKLIZYON

Kominikasyon

Pòtrè yon Gradye

Mond nou an chanje rapidman. Anpil nan jèn elèv nou yo pral travay nan travay ki poko egziste ak rezoud pwoblèm ke nou pa ka menm imajine. Kòman nou kapab prepare elèv nou yo pou yo pare alavni ?

Prezantasyon Pòtrè yon Gradye NPS!

Pòtrè yon gradye NPS la reprezante rèv kominote nou an pou jèn nou yo ak konpetans esansyèl yo bezwen pou boujonnen nan tan k ap vini an. Li nan tout sou ede elèv nou yo devlope konpetans yo bezwen pou yo reyisi nan pwòp fason inik yo.

Klike la pou gade videyo lansman nou an epi, tanpri, pataje lyen sa a – https://bit.ly/NPSPoaG – ale sou sit entènèt Pòtrè yon Gradye NPS la ansanm ak tout moun!

Premye Jou Lekòl

Retou ponpon ak maskòt yo make kòmansman ane akademik 2024-2025 lan. Doktè Estrella te kòmanse premye jou a nan depo bis la, li remèsye ekip chofè bis devwe nou yo avan li ale lekòl la pou li akeyi elèv ak pèsonèl yo.

Li menm ak Direktris Adjwen Sandra Faioes te reyini ak Direktè Ed Singleton epi ak maskòt Rammy pou swete elèv Roton Middle School yo yon bèl koumansman pou nouvo ane lekòl la. Yo te kouri ale pou pran yon vwayaj rapid atravè distri a, yo kanpe pou salye tout moun nan tout 22 lekòl yo.

Klike isi a pou w fè wout la avèk nou!
Klike isit la pou w li mesaj Byenvini Doktè Estrella pou ane akademik 2024-2025 lan.

Sondaj Depatman Sante Norwalk (Norwalk Health Department)
Tanpri, ranpli sondaj 10 minit sa a pou w ka ede Depatman Sante Norwalk kreye yon kominote pi sen pou tout moun Norwalk yo! https://www.surveymonkey.com/r/6JDJ6JH

Depatman sante a ap travay ansanm ak Nuvance Health epi ak lòt patnè pou fè yon evalyasyon Sante Kominotè pou ede detèmine ki pi gwo priyorite nan zafè sante ki genyen nan Norwalk epi ki kote moun Norwalk yo ale pou jwenn enfòmasyon ak sèvis sante.

Nan Ka Ou Te Rate Li





Konsèy pou Retou Lekòl la - Yon gwo kout mèsi pou Carol Wiltshire-Toch ak Robin Gredinger pou konsèy itil sa yo yo rasanble nan men konseye lekòl yo ak travayè sosyal yo.

Rantre Lekòl Naramake (VIDEYO) - Pwodiksyon: Naramake Elementary School, edisyon: NPS Communications

Koumetraj NPS (VIDEYO) Asire w ou gade plis koumetraj NPS nou yo (VIDEYO). Ou p ap janm rate youn si w swiv nou sou Instagram @norwalkschoolsct

- Premye Jou Lekòl nan Lekòl Presegondè Roton
- Tracey Magnet School Selebre Inogirasyon Pis Plizyè Izaj la

Dat Enpòtan

Lendi, 25 Septanm - Devlopman Pwofesyonèl Pèsonèl (Klas yo ap Ranvwaye 2 Èdtan Anvan lè)

Jedi 3 Oktòb - Rosh Hashanah (Pa Gen Lekòl, Biwo Santral La ap fèmen)
Lendi 14 Oktòb - Jou Pèp Endijèn/Eritaj Italyen (Pa gen lekòl, Biwo Santral la ap fèmen)
Madi 15 Oktòb - Devlopman Pwofesyonèl Pèsonèl (Pa Gen Lekòl)

Sware Retounen Lekòl yo

Lendi, 9 Septanm - Jounen Pòt Louvri nan Lekòl Segondè
Mèkredi 11 Septanm - Jounen Pòt Louvri nan Lekòl Presegondè
Jedi 12 Septanm - Jounen Pòt Louvri nan Lekòl Elemantè

Pwochen Evènman yo

Kavalkad Son
Samdi 14 Septanm a 6 è P.M.
Teren Casagrande nan Lekòl Segondè Brien McMahon, 300 Highland Ave. nan Norwalk

Lekòl Segondè Norwalk la ak Lekòl Segondè Brien McMahon ap òganize ansanm yon espektak djaz ki rele « Kavalkad Son » nan Samdi 15 Septanm a 6 è P.M. sou Teren Jack Casagrande nan Lekòl Segondè Brien McMahon

Toude djaz yo twò kontan pou kreye yon patenarya pou yo òganize yon konpetisyon ki rasanble djaz ki soti toupatou nan rejyon an. Rejwenn djaz sa yo ak kominote yo pou yon nuit Defile, Mizik, Plezi ak Manje!

Tikè yo se $15 pou granmoun ak $5 pou elèv ak granmoun aje yo. L ap GRATIS pou timoun ki gen pi piti pase 5 lane! Se nan rantre a y ap vann tikè yo.

Prezantasyon Lekòl Presegondè yo
Mèkredi 9 Oktòb soti 6 è rive 8 è P.M..
Ponus Ridge STEAM Academy, 21 Hunters Lane nan Norwalk

Twazyèm Prezantasyon anyèl Lekòl Presegondè yo ap fèt Mèkredi 9 Oktòb soti 6 è pou rive 8 è P.M. nan Ponus Ridge Steam Academy.

Chak nan senk Lekòl Presegondè nou yo ap gen estann ki enstale nan jimnaz la pou prezante pwogram espektakilè yo genyen nan djakout yo, epi reprezantan chak lekòl ap disponib pou pale ak elèv ki nan 5 èm ane nou yo epi ak fanmi yo. Lòt Depatman NPS disponib yo ak patnè kominotè yo ap genyen estann tou pou pale sou sèvis yo ofri.

Festival Eritaj Panyòl
Jedi 24 Okòb soti 5:45 pou rive 8 è P.M.
Lekòl Segondè Brien McMahon

Lekòl Piblik Norwalk yo ap òganize twazyèm Festival anyèl Patrimwàn Ispanik li Jedi 24 Okòb soti 5:45 pou rive 8 è P.M. nan Lekòl Segondè Brien McMahon. Ane sa a nou kontan pou n selebre Pyonye Chanjman yo.

Tès ak Responsablite

Nan dat 27 Out, Eta a te pibliye rezilta 2024 yo pou Smarter Balanced (SBAC), 3yèm ane-8yèm ane, Ct-SAT, 11yèm ane ak Next Generation Science Standards (NGSS), 5yèm, 8yèm ak 11yèm ane. Lekòl Piblik Norwalk yo klase premye pami lòt gran vil Connecticut yo nan Endis Pèfòmans nan Matematik ak ELA (Anglè kòm Lang Ansèyman), epi dezyèm nan syans an jeneral Endis Pèfòmans lan se pi bon mezi pèfòmans mwayen jeneral atravè evalyasyon estanda ak altènatif nan yon domèn espesifik yo anseye. Lekòl Piblik Norwalk yo klase premye tou pami lòt gran vil Connecticut yo pou kwasans akademik nan matematik epi dezyèm pou kwasans akademik nan ELA (yo pa t mezire syans). Kwasans Akademik se yon endikatè kle nan reyisit elèv yo, paske li mezire ritm aprantisaj elèv yo nan yon ane akademik. Yo prepare yon rapò pou Konsèy Edikasyon an epi y ap prezante l Madi 10 Septanm.

Rechèch ak Analiz

Y ap lanse kanpay Pòtrè yon Gradye a semèn sa a. Objektif kanpay sa a se enfòme elèv yo ak fanmi yo sou travay NPS ap fè sou Pòtrè yon Gradye. Kanpay la gen ladan yon sit entènèt yo mete ajou epi yon videyo ki prezante elèv ki soti nan tout distri a. An plis, NPS ap kolabore ak Digiral Promise pou fè pwojè pilòt atravè distri a ki pral ede detèminen ki pi bon fason pou mezire pwogrè elèv yo nan Panse Kritik.

KOURIKOULÒM, ENSTRIKSYON, AK APRANTISAJ ESPESYALIZE

Syans Imanitè

Syans Sosyal
Entwodiksyon nan Nouvou Estanda yo: Nan dat 4 Oktòb 2023, Connecticut te adopte nouvo nòm Syans Sosyal yo Avèk yon gwo fokis sou aprantisaj ki baze sou envestigasyon, nòm sa yo ankouraje elèv la pou l eksplore, poze kesyon, epi entèraji afon avèk sous, sa ki ankouraje yon pwosesis aprantisaj ki pi aktif epi ki pi fè sans.

Devlopman Kourikoulòm: Distri nou an te ekri yon nouvo inite Syans Sosyal pou klas K-8 (Kindègadenn - 8yèm ane) pou ete sa a an repons pou adopte nouvo nòm sa yo. Yon ekip pwofesè devwe te kolabore pou ekri nouvo inite Syans Sosyal yo, chak nan yo te santre sou yon envestigasyon

prensipal. Apwòch sa a aliyen ak nouvo anfaz leta a sou envestigasyon epi li bay etidyan nou yo yon eksperyans aprantisaj ki pi angaje epi ki fè plis sans.

Devlopman Pwofesyonèl Nou te ofri yon seri opòtinite devlopman pwofesyonèl pandan ete a pou sipòte pwofesè nou yo nan tranzisyon sa a. Pandan sesyon sa yo, pwofesè yo te patisipe nan yon eksperyans envestigasyon, sa ki pèmèt yo plonje tèt yo dirèkteman nan pwosesis la. Yo te resevwa yon fòmasyon tou sou Modèl Konsèp Envestigasyon an, yon kad ki pral gide yo pou yo aplike aprantisaj ki baze sou envestigasyon an avèk efikasite nan sal klas yo.

Gade nan lavni: Pandan nou kontinye ap aplike chanjman sa yo, angajman nou se pou n bay pwofesè yo yon sipò san kanpe, pou siveye efikasite nouvo kourikoulòm nan, ak pou pote ajisteman ki nesesè yo. Nou dedye nou pou n asire elèv nou yo resevwa gwo kalite edikasyon syans sosyal ki baze sou envestigasyon.

Matematik/Syans, Teknoloji, Jeni, ak Matematik (STEM)

Nou okipe nan aplike yon vèsyon ajou Illustrative Math pou klas K-Algebra 1, pandan n ap sipòte pratik ki ankouraje angajman elèv yo. Yo te bay pwofesè nan depatman matematik klas 4yèm ak 5èm ane yo fòmasyon sou pratik sa yo pandan ete sa a. Akoz nouvo resous kourikoulòm nan matematik la, anpil mizajou regilye ap fèt pou sipòte ansèyman nan lekòl yo.

Y ap lanse yon nouvo resous nan kourikoulòm nan pifò lekòl presegondè yo ak nan NHS. Nou kontan ankouraje kourikoulòm syans sa a ki baze sou modèl eta a epi k ap rasanble enfòmasyon sou aplikasyon li nan lide pou planifye travay pou ane k ap vini an.Y ap entegre sa a tou nan kourikoulòm Syans Maren nou an gras ak travay kowòdonatè Syans Maren an epi ak pwofesè yo pandan ete a.

Aprenan Plizyè Lang

Depatman Elèv k ap aprann Plizyè Lang lan kontinye sipòte lekòl yo nan koumansman ane lekòl la gras ak Rankont sou Done epi ak Sipò pou Aprenan Plizyè Lang yo. Nou pwograme nan semenn k ap vini yo pou egzamine done enpòtan sou Aprenan Plizyè Lang yoMLL epi pataje diferan sipò depatman MLL ap bay chak lekòl ane sa a. Reyinyon sa yo bay administratè ak pwofesè yo opòtinite pou planifye ak pou sipòte Aprenan Plizyè Lang nou yo ak sipò ansèyman.

Konsèy/Sèvis Sipò

Konseye Lekòl K-8 (Kindègadenn - 8yèm ane) yo te patisipe nan yon sesyon Devlopman Pwofesyonèl an Out, epi se te yon opòtinite pou yo reyini ansanm nan yon patenarya pèsonèl ak pwofesyonèl (nan foto anba a). Ekip Prezans lan te reyini epi ap bay lekòl yo resous sou prezans elèv yo. Mwen kontinye rankontre ak kolèj epi ak inivèsite zòn nan pou elaji ak devlope Pwogram Pratik ak Estaj Konseye Lekòl nou an pou sipòte Ekip Konsèy Lekòl Kindègadenn-12yèm ane nou an. Travay la kontinye sou Leson Konsèy Devlopman pou Klas 7yèm ane nan Aprantisaj Sosyo Emosyonèl, kòm yo te dijitalize epi finalize sou papye kourikoulòm komite konseye lekòl nou an te ekri a.

Yo te pataje li ak konseye lekòl nou yo pou klas 6yèm ak 7yèm ane an Out, epi y ap kontinye pataje li semenn sa a ak ekip Direksyon Lekòl la. Travay Kolaborayon RISE la ap avanse ak distri a, epi yo te pataje Sondaj pou Elèv k ap Tèmine yo ak Klas 2025 lan pou yo ka sipòte epi ede nan reyalizasyon Plan Aprè Segondè yo. Y ap revize Gid Evalyasyon Risk ak Entèvansyon NPS la pou itilizasyon pèsonèl k ap sipòte nou yo. NPS kontan nan opòtinite pou prezante kèk travay Sosyo-Emosyonèl Distri a nan Hatford pou mwa Septanm nan. Ekip SHAPE la pral prezante travay sa yo nan Konferans Eta CT nan mwa Oktòb la, pandan l ap mete aksan sou travay ki ap fèt nan Lekòl Piblik Norwalk yo.

Devlopman Mendèv

Devlopman Mendèv la kontan fè konnen enskripsyon ouvri pou kou Sètifikasyon nan Devlopman Pwofesyonèl nan Norwalk, Eta CT, pou elèv jinyò ak senyò! Mwen te rankontre Red Fashion School pou travay sou Pwogram NPS Scholar nan ane k ap vini an, ki pral gen ladan tou yon Klas pou Lekòl Segondè epi vizit nan Lekòl Presegondè pou elèv ki nan Domèn Atistik. Gid Devlopman Mendèv la ap sibi mizajou pou kounye a, ansanm ak tout opòtinite sou sit entènèt Devlopman Mendèv nou an. Travay la ap kontinye sou Leson Konsèy Devlopman Klas K – 2 (Kindègadenn - 2yèm ane) nan Devlopman Mendèv, kòm yo te dijitalize epi finalize sou papye kourikoulòm komite konseye lekòl nou an te ekri a.Yo te pataje li ak konseye lekòl nou yo pou klas K – 2 (Kindègadenn - 2yèm ane) an Out, epi y ap kontinye pataje li semenn sa a ak ekip Direksyon Lekòl la. Pwogram Staj la ap agrandi epi ap eseye mete plis Plan Karyè pou ane akademik k ap vini an.

Pou tout Opòtinite Devlopman Mendèv NPS yo ak plis ankò, vizite www.norwalkps.org/careertraining. Tanpri asire ou make sit entènèt la ak tcheke regilyèman pou nouvo opòtinite enteresan!

Aprantisaj Espesyal

Ouvèti ane akademik 2024-2025 lan te byen pase. Administratè Edikasyon ak administratè Edikasyon Espesyal yo vizite tout lekòl yo pandan de (2) premye jou yo epi yo te gen opòtinite pou akeyi pèsonèl ak elèv yo! Depatman an ap planifye Premye Akademi Nouvo Pwofesè a epi ap prepare pou akeyi paran yo nan yon evènman enfòmasyon nan Sant Fanmi an nan aswè 26 Septanm. Travay Bridge CT Grant yo te byen kòmanse ak idantifikasyon manm pèsonèl yo ak lòt manm Gwoup Travay Konsiltatif Eta a. Plizyè nan manm Ekip Administratif la pral patisipe nan evènman Rantre Lekòl CDSE pou responsab Edikasyon espesyal yo nan Hatford jou k ap vandredi 6 Septanm 2024 lan.

DEVLOPMAN LIDÈCHIP

Reyinyon Fiksasyon Objektif Direktè a

Apati semenn 9 Septanm nan, direktè yo ap reyini ak evalyatè prensipal yo pou etabli objektif lidèchip yo pou ane akademik 2024-2025 lan. Nan kad nouvo pwosesis fiksasyon objektif yo, direktè lekòl yo ap idantifye yon domèn lidèchip ki pral konsantre yo sou aprantisaj ak kwasans, epi ki pral gen yon enpak dirèk sou reyalizasyon elèv yo.

Kòwòt Devlopman Lidèchip 2024-2025.

Nou kontan anonse nou aksepte kounye a aplikasyon pou dezyèm kòwòt Devlopman Lidèchip NPS la. Nou ankouraje fiti Administratè ak/oswa Direktè Adjwen ki nan premye 1ye oswa 2yèm ane yo pou aplike. Nou dwe soumèt Aplikasyon ak Seve (CV) yo avan 13 Septanm. Nou pa ka tann pou n devlope pwochen kòwòt lidè nou yo!

BIZNIS AK OPERASYON

Sèvis Manje

Devlopman Sèvis Manje a ap prepare dis ganyan Sibvansyon Pwogram Fri ak Legim Fre nou yo pou yon nouvo sistèm livrezon ki ajou. Yon elèv nan chak klas pral pran pànye chak klas nan kafeterya a pou pote l tounen nan klas la pou elèv yo ak pwofesè a.
N ap enfòme fanmi nou yo tou pou yo chwazi 3 epi li gratis! Nou espere sa ap fè li pi fasil pou kominote a konprann a ki pwen li senp pou jwenn yon manje maten ak yon manje midi gratis chak jou.

Chartwells ak NPS ap fòme anplwaye yo pou yo koumanse yon pwogram soupe nan Marvin, Kendall ak Fox Run! Sa ap bay kominote nou an aksè pou jwenn manje gratis apre jounen lekòl la.

Chans pou adopte yon bèf la retounen pou elèv lekòl primè nou yo! Klas yo ka enskri pou Adopte yon Bèf epi genyen yon vizit nan men kiltivatè lèt la.

Senk semèn avan Semèn « Connecticut Grandi pou Timoun Connecticut »! Anrejistre dat 7-11 Oktòb 2024 la.

Enstalasyon yo

Nou te gen yon ete ki te chaje anpil nan prepare lekòl nou yo pou rantre lekòl la! Nan Rowayton, planche kafeterya a ak nouvo ale an azfalt la te fini epi yo te remèt lekòl la li pou yo itilize l san kontrent.Yo te byen fini Sal klas C9 la pou yo ka enkli l nan pwogram Montessori a. Nan Kendall, yo te gentan fin fè frezaj, mete azfalt ak makaj ansanm pakin nan ak ale a kòrèkteman. .

Yo te lanse anpil pwojè pandan ete a, soti nan renovasyon sal klas yo ak biwo yo, nan ranplasman planche yo, rive nan pentire, pandan fokis yo ap sou fè pati eksteryè a atiran. Enstalasyon nou yo te pwòp epi byen bèl, pou pèsonèl, fanmi ak elèv nou yo kapab gen yon bon kòmansman.

Transpò

Semèn ki sot pase a, nou antame yon nouvo ane lekòl nan sèvi plis pase onz mil elèv, ki nan lekòl piblik, pawasyal, prive, « magnet », prematènèl, ak pwogram aprantisaj espesyalize pou prèske trant kanpis nan tout Norwalk ak Stamford. Nou gen senkant senk (55) gwo bis ak venn de (22) bis pòtapòt k ap vwayaje nan tout vil la (plis pase 245 pakou ak anviwon 3,100 mil distans ki pakouri)

Gen 98% chans pou bis yo rive a lè lekòl la. Akoz rantre lekòl la, modèl trafik yo kontinye ap chanje pandan jou yo ap pase. Fanmi yo ap adapte ak nouvo ane a, epi nou kontinye ap travay pou ajiste pakou (nan 2% yo) ki ka bezwen plis tan sa yo.

Nou kontinye adapte nou ak chanjman monte desann ki gen nan pèsonèl chofè yo. 29 Out la, Durham te akeyi Edison, yon nouvo chofè ki ak lisans kondi li nan men l, nou kontan genyen l avèk nou nan ekip la!

Si w bezwen plis enfòmasyon, ou ka kontakte Biwo Transpò Lekò Piblik Norwalk (Norwalk Public Schools Transportation Office) la sou 203-854-4074 oswa voye yon imèl sou transportation@norwalkps.org.

Sèvis Sante

An Out 2022, tout enfimyè lekòl yo te patisipe nan resètifikasyon CPR/BLS (Reyanimasyon Kadyo-Pilmonè/Sipò Debaz pou Lavi) nan Sèvis Medikal Ijans Wesport (Wesport EMS) la.

Enfimyè yo te bay yon fòmasyon sou OSHA/sekirite ajan patojèn ki ka transmèt nan san ak tout pèsonèl yo. Sa fèt nan kad plizyè fòmasyon enfimyè yo te bay nan lekòl yo pou rantre lekòl la.

Sant sante ki baze nan lekòl yo te kontinye bay sèvis medikal ak sante konpòtmantal pandan ete a nan WRMS ak BMHS: Yo te fè egzamen fizik pou 121 timoun, yo te bay plizyè vaksen, epi yo te bay plizyè sèvis sou sante konpòtmantal.

Inite Medikal Mobil Sant Sante Kominotè Norwalk la ap nan Kendall College ak Akademi Karyè nan dat 26 ak 27 Out pou fè pwomosyon pou sèvis sant sante ki baze nan lekòl yo an preparasyon ouvèti li nan lekòl la pou ane lekòl sa a. Nou ka jwenn konsantman pou sèvis sante ki baze nan lekòl la isi a.

In A Heartbeat

Nan dat 14 Novanm, nan yon jou kote lekòl la ap lage bonè, soti 12:30 P.M. pou rive 5:30 P.M., BMHS ap òganize yon « Nan yon Batman Kè (In a Heartbeat) », yon ev~~è~~nman depistaj kadyak pou elèv lekòl presegondè ak segondè. Fondasyon sa a travay pou idantifye elèv ki gen risk pou sibi arè kadyak. Nou ka jwenn plis enfòmasyon isi a, epi nou ka enskri isi a.

The Norwalk Partnership
PREVENTING SUBSTANCE MISUSE AMONG YOUTH AND YOUNG ADULTS

BEHAVIORAL HEALTH SUPPORTS FOR NORWALKERS

Struggling with isolation, stress, depression, or substance use? Help is here.

Yo te pibliye resous sou sante mantal Norwalk pou 2024 yo an kolaborasyon ak The Norwalk Partnership. Tanpri, jwenn yo an anglè ak espanyòl:

Norwalk BH Resources Aug 2024 828 (1)

SPAN Nwk BH Resources August2024 828 (1)

Sibvansyon

Yo te bay plizyè sibvansyan Eta, ki gen ladan Sibvansyon Alliance ak Sibvansyon Priority District School. Sibvansyon sa yo sipòte anpil pwogram, tankou pwogram Future Ready nou an. N ap travay ak Depatmann MLL nou an pou kapab jwenn finansman atravè Sibvansyon Bileng Eta a ak Sibvansyon Tit III a, ki garanti elèv k ap aprann anglè yo ak elèv imigran yo rive metrize anglè a epi rive devlope yon wo nivo reyisit akademik nan anglè. Nan yon kad konpetitif, NPS te resevwa 42,000 dola anplis nan finansman pou sipòte efò nou yo nan domèn sante mantal pandan mwa ete yo. Nou te resevwa 25,000 dola anplis tou nan finansman Federal pou pwolonje akonpayman FAFSA nou yo pandan mwa ete yo.

APRANTISAJ Dijital AK TEKNOLOJI

Lojisyèl Antrepriz/Done

Ekip nou an te travay ak dilijans pou anrejistre nouvo aplikasyon pou ane akademik 2024-2025 lan, epi pou bay patnè kominotè nou yo done ajou elèv yo pou nouvo ane a.
Nou bay sipò chak jou pou nouvo ak ansyen pèsonèl yo pandan y ap navige nan pwosesis kòmansman ane lekòl la—yon bagay nou fè chak ane .

Enfrastrikti/Operasyon

Nou reyisi tranzisyon Lekòl Cranbury nan nouvo sistèm jesyon Wi-Fi anliy lan. Sistèm nan gen de (2) semèn l ap fonksyone san pwoblèm. N ap devlope yon plan kounye a pou kòmanse tranzisyon sa a pou lòt batiman yo.

Tout elèv klas 1ye - 9yèm ane te resevwa aparèy yo pou ane lekòl la, epi ekip nou an ap travay kole kole kounye a ak Lekòl Segondè yo pou ranplase aparèy ki gen kounye a yo ak nouvo aparèy pou elèv klas 10yèm-12yèm ane.

Aprantisaj Dijital

Nou te reyisi yon lansman distribisyon aparèy nan kad pwogram Verizon Innovative Learning Schools nou an. Pwotokòl lokal yo ak responsab distri yo te nan Lekòl Presegondè Roton, epi jiskaprezan, chak elèv 9yèm ane te rekipere aparèy yo.

Antrenè nan Aprantisaj Dijital pou Lekòl Primè nou yo te sipòte lekòl yo atravè tout distri a ak distribisyon iPad pou klas Kindègadenn yo, epi yo te ede pwofesè yo nan mete teknoloji nesesè anplas pou kreye yon sal klas entèraktif. Pandan ete a, yo te okipe tou nan mete ajou kourikoulòm Sitwayènte Dijital pou lekòl primè ak presegondè nou yo.

Anplis sa, nou kontan anonse tout Antrenè nan Aprantisaj Dijital yo pral patisipe nan yon seri Devlopman Pwofesyonèl chak mwa ki ap santre sou aprantisaj dijital. Seri sa yo pral kòmanse ak yon Etid Liv sou Entegrasyon Teknoloji nan Sal klas la.

Espesyalis Medya Bibliyotèk

Espesyalis Medya Bibliyotèk Lekòl Primè nou yo te patisipe nan yon sesyon devlopman pwofesyonèl pandan jounen fòmasyon 22 Out la. Lynn te bay yon apèsi sou objektif ak atant ki genyen pou distri

ak pou depatman an. Audra Good, bibliyotekè Brookside la, te prezante enfòmasyon sou mizajou lojisyèl Destiny yo, CLC, ak lòt resous, pandan Renee Neiger li menm, Bibliyotekè Cranbury a, te pataje enfòmasyon ki soti nan konferans ISTE a, ki gen ladan yon prezantasyon sou sitwayènte dijital, sa yo rele « Digital Detectives ». Antrenè nan Aprantisaj Dijital yo te prezante nouvo resous Sitwayènte Dijital ISTE yo tou. Jounen an te fini ak yon sondaj pou rasanble fidbak.

FINANS

Bidjè

Yo te konplete epi sètifye rapò leta sou Sistèm Finansye Edikasyon (Education Financial System, EFS) pou ane fiskal 2024-2025 lan avan dat limit li. Rapò sa a kolekte done finansye yo nan itilize yon Plan Kontab Inifòm (UCOA), ki gen ladan kantite pou chak elèv, ki entegre depans an nati vil la, sa ki pèmèt gen konparezon koyeran ki fè atravè eta a. Pwochen etap la se pou yon oditè ekstèn vil la fè yon odit finansye, sa yo pwograme ki pou fèt nan mwa k ap vini yo.

Yo te fini epi trete dènye ekriti jounal ak transfè bidjè yo pou fèmen peryòd 13 ane fiskal 2024-2025 lan Yo te mete anplas yon angajman pou depans yo pou ane akademik 2024-2025 la epi y ap kontinye ak li pandan mwa k ap vini yo.

Pwosesis bidjè pou ane 2025-2026 la kòmanse ofisyèlman. Yo kreye yon kalandriye bidjè preliminè pou l ka suiv menm bagay ak kalandriye vil la. Premye etap la se verifye lis pèsonèl yo voye bay administratè lekòl yo ak administratè biwo santral yo. Done lis presi yo esansyèl paske yo akòde plis pase 80% nan bidjè lekòl yo pou salè ak pou avantaj sosyal. Pwochen reyinyon entèn yo ap santre sou yon revizyon nan dokiman bidjè yo ak enstriksyon pou asire pa gen konfizyon pandan tout pwosesis la.

Acha/Kont Peyab

Yo pibliye apèldòf pou ranplasman enstriman òkès nan lekòl segondè ak presegondè yo, epi y ap tann repons avan Madi 10 Septanm. Nou akòde yon finansman 300,000 dola an kapital pou pwojè sa a. Anplis sa, premye seri odit yo fini, epi nou te rasanble dokiman pou eleman yo seleksyone yo pandan semèn ki sot pase yo.

RESOUS IMÈN

Resous Imèn nan pral chèche èd nan men Ekip Kominikasyon an pou angajman pèsonèl yo ak pou estrateji maketin ekstèn. Angajman pèsonèl yo pral gen ladan yon bilten enfòmasyon Anplwaye/Resous Imèn ak redizay sit entènèt entèn entranèt Resous Imèn nan.

Estrateji maketin ak estrateji mak ekstèn nan ap gen ladan redizay sit entènèt rekritman an, yon kanpay maketin/sansibilizasyon agresif pou atire plis kandida, ak devlopman sipò maketin.

Anplis sa, Resous Imèn ap aplike yon pwosesis pou voye lèt chak trimès pou pèsonèl kalifye yo, pou raple yo pou mete ajou epi kenbe sètifikasyon yo.